



Janvye 2026

Chè fanmi,

Ou ka deja wè enfòmasyon nan nouvel sou dènye mizajou nan rekòmandasyon federal sou vaksinasyon timoun. Mizajou sa yo **pa** afekte vaksen ki nesesè pou ale lekòl nan Vil Nouyòk. Kondisyon vaksinasyon aktyèl Eta Nouyòk ak Vil Nouyòk pou elèv ki pral lekòl pandan ane lekòl 2025-2026 la rete menm jan an.

Ou ka jwenn enfòmasyon nan plizyè lang sou vaksen elèv yo dwe pran nan kòmansman ane lekòl la, ansanm avèk kalandriye vaksen Vil Nouyòk pou timoun tout laj sou sitwèb nou an: schools.nyc.gov/immunizations.

Fanmi ki gen kesyon sou sitiyasyon vaksinasyon pitit yo dwe kontakte lekòl yo oswa founisè swen sante yo.

Avèk senserite,

Kevin Moran

Chanselye pa enterim pou fonksyonman

Lekòl Leta Vil Nouyòk